## Konsey pratik



Bay medikaman regilyèman , matin ou lè mange.Ou gen dwa kraze gren'nan epimelange li ak ji ou soup.

Sa ki trè impôtan se ke timoun nan pran tout medikaman'n doktè-a preski.

Si yo bliye yon dòz, bay li tout swit lè ou songe, men pa bay 2 dòz kole nan yon jounen.

Pendan tou tan timoun nan ap pran medikaman'n ou dwe kontinye we doktè, pa jam manke yon randevou.

## Suivi ti-moun nan

Ti-Moun nan pral suiv nan chak moi pou médikamen en. Li pral suiv nan klinik tibèkiloz la kon sa nou ka conin si tout bagay ap pasé bien, si ti-moun nan en fom et si li guin yon problèm pou nou ka wè li rapid.

Si ou guin kestion su tibèkiloz-maladi a ou bien suivi ti-moun nan, rélé nan klinik tibèkiloz nan vendredi de 9h a 12h. Ou mèt kité yon mesaj tou.



**KLINIK TIBÈKILOZ**

**Yo met kite yon mesaj telephon :**
**(514) 345-4931 poste 3937/3900**


**Réalisation**

Kim Sadler, étudiante, B.Sc.
Faculté des Sciences Infirmières
Université de Montréal

**Collaboration**

Denis Blais, Inf. clin. Maladies infectieuses
Suzanne Durocher, Inf. clin. Pneumologie
Patricia Germain, Inf. M.Sc. Santé Internationale
Sandra Caron, Inf. clin. Santé Internationale

**Traduction**

Dr Elizabeth Rousseau

Octobre 2005
Révision juin 2018

F-4934 c


*TB-Infection : langue CREOLE*

# TIBÈKILOZ-ENFEKSYON E TRETMAN POU TIMOUN



**KLINIK TIBÈKILOZ**

CHU Sainte-Justine
*Le centre hospitalier universitaire mère-enfant*

*Pour l'amour des enfants*

Université de Montréal

SERVICE DES MALADIES INFECTIEUSES

## Sa maladi tibèkiloz-la ye ?

Se yon maladi kose pa yon bakteri ke yo rele « mycobacterium tuberculosis »
Se sitou nan poumon yo jwen li, men li posib ke yo jwen li tou nan glan, nan sèvo, e nan zo.



.

## Sa maladi sa`a ye ?

Nan maladi-sa'a, , bakteri-a mache nan kò timoun-nan timoun nan ka genyen :

1- la fiev ak frison
2- li ka touse, krache
3- li mègri
4- swe nan nwit

bagar se-yo sé sintôm maladi-a

Li ka pasé dé youn moun a you lôt tibèkiloz se yon maladi kontajyez. Isit nan kanada li dwe deklare e trete. Pou pè mèt dépisté tout ka

avan yo vini grav é trété yo. Nan poin ront gin tibèkiloz.

## Ki sa tibèkiloz-enfeksyon-an ye?

Kan vaksen-a pa mache nan kò timoun nan. Li pa kontajyez, e si tou li poko malad. Li pa gui sintôm.

## Kouman yon timoun kapab pran tibèkiloz enfeksyon ?

Lè timoun nan, en kontak avec moun ki gen maladi tibèkiloz la deja.
Kan moun sa'a touse, li voye bakteri yo nan lè'a. Se lè sa'a ke timoun nan pran bakteri ki bay enfeksyon-an.

## Koman rekonnèt tibèkiloz-enfeksyon ?

Yo fè yon tès sou po timoun nan, ke yo rele « tct ou ppd. »
Aprè sa yo fè yon radiografi poumon , epi lòt ekzamen. Aprè tou sa, doktè-a ka wè si timoun nan genyen maladi-a.



## Ki tretman ki genyen pou sa

Yo bay yon medikaman ki rele "isoniazide ou isotamine (INH)", ke timoun nan dwe pran chak jou pendan 9 mwa. Se yon médikaman ***gratis*** ke leta bay moun ki genyen kat asirans maladi, ou bien ki genyen papie refijye politik en règ. Pa bliyé chak moa fò nou alé chèché médikaman nan famasi. Li ***gratis***.

## Move zefè ke medikaman -an kap bay

Tankou ampil lòt medikaman gen kek move zefè. Li bay kè tounin, vomisman ak fatig, min se pa anyen grav. Si aprè kèk tan efè sa yo pa sispan ale wè doktè ti moun-nan.

## Sa ki rivé si timoun-nan pa pran medikaman?

Bakteri ya, kapab retounen nimport ki lè pou li bay timoun nan maladi-a. Lè sa'a tretman pral pi komplike, paske timoun nan pral pi malad en kò.